2020 жылдың январь-декабрь айларында ЖАӨ деги **56,2 %** ти киши бизнес субъектлери үлесине туўра келеди.

2021-жылдың 1 январь жағдайына киши исбилерменлик субъектлериниң саны хәр 1000 адамға, **13,7** бирликти қурайды.

2020 жылдың январ-декабрь айларында **4440** жаңа киши кәрхана хәм микрофирмалар (фермер хәм дийқан хожалықларсыз) шөлкемлес-тирилди, бул өткен жылдың сәйкес дәўирине салыстырғанда **121,8** процентти қурады.




Ең көп киши кәрхана хәм микрофирмалар саўда тараўында 1659, аўыл, тоғай хәм балықшылық хожалығында 976, санаат тараўында 801, қурылыс тараўында 294, жасаў хәм аўқатланыўда 184, тасыў хәм сақлаўда 93 қурайды.



2020 жылдың январь-декабрь айларында жалпы аймақлық өним 56,2 % ти (2019 жылдың январь-декабрь айларына салыстырғанда 54,7 %) ти киши бизнес субъектлери тәрепинен ислеп шығарылды.

- санаат өнимлери ислеп шығарыў көлеми 3 382,1 млрд. сумды (жәми санаат ислеп шығарыўдың 23,9 %) қурады; (санаат тараўында ҳәрекет етип турған исбилерменлик субъектлери саны 2 884 қурады).

- 10 056,7 млрд сумлық аўыл, тоғай ҳәм балықшылық хожалықларының ислеп шығарылған өнимлер (көрсетилген хызметлер)ди қурап, (аўыл, тоғай ҳәм балықшылық хожалықлары жалпы өниминиң 96,3 %) қурады; тараўда ҳәрекет етип турған исбилерменлик субъектлери саны 2846 қурады).

- 2305,9 млрд. сумлық инвестициялар (улыўма инвестициялар көлеминиң 28,2 %) 2019 жылдың январь-декабрь айларына салыстырғанда 64,4 % қурады;

- 3495,1 млрд. сумлық қурылыс жумыслары (улыўма қурылыс жумыслары көлеминиң 93,2 %) (қурылыс тараўында ҳәрекет етип турған исбилерменлик субъектлери саны 2314 қурады).

- автомобиль транспорты жүк айланысының 0,1 % (республика жәми автомобиль транспорты жүк айланысының 89,8 %), жолаўшы айланысының болса 0,6 % (улыўма жолаўшы айланысының 96,0 %) көбейиўи тәмийинленди; тараўда ҳәрекет етип турған исбилерменлик субъектлери саны 902 қурады).

- усақлап сатыў товар айланысы улыўма көлеминиң 90,0 % ямаса 5947,3 млрд. сумы, хызметлер улыўма көлеминиң тийисли түрде 51,4 % ямаса 3347,4 млрд. сум ҳәрекет етип турған исбилерменлик субъектлери саны 5813 қурады).

-78,8 млн. АҚШ доллар (улыўма экспорт көлеминиң 21,7 %) 125,3 млн. АҚШ доллары (улыўма импорт көлеминиң 71,1 %) (есабат дәўиринде 247 киши исбилерменлик субъектлери тәрепинен экспорт ҳәмде 772 субъектлер тәрепинен импорт операциялары әмелге асырылды).

**2020 жылдың январь-декабрь айларында киши исбилерменлик субъектлериниң тийкарғы экономикалық көрсеткишлери**




| | *Киши исбилерменлик субъектлери өними (жумыслар, хызметлер) көлеми, млрд.сум* | *Киши исбилерменлик субъектлери өними (жумыслар, хызметлер) көлеминде жеке сектор үлеси, % есабында* |
|---|---|---|
| Ауыл, тоғай хәм балықшылық хожалығы | 10056,7 | 96,3 |
| Санаат | 3382,1 | 23,9 |
| Қурылыс | 3495,1 | 92,3 |
| Усақлап сатыў | 5947,3 | 90,0 |
| Жүк тасыў, *млн тн.* | 27,0 | 86,5 |
| Жолаўшы тасыў, *млн.адам* | 119,7 | 94,0 |
| Экспорт, *млн. АҚШ долл.* | 78,8 | 21,7 |
| Импорт, *млн. АҚШ долл.* | 125,3 | 71,1 |

**Жалпы аймақлық өним ҳәм экономика тараўларындағы (жумыслар, хызметлер) улыўма көлеминде киши исбилерменликтиң үлеси өзгериўи**

*(улыўма көлемге салыстырғанда % есабында)*




2020 жылдың январь-декабрь айларында 18923 киши кәрхана ҳәм микрофирмалар (дийқан ҳәм фермер хожалықларынан тысқары) мәмлекет дизиминен өткерилген болып, өткен жылдың сәйкес дәўрине салыстырғанда (15050) 125,7 процентти қурады.

| | |
|---|---|
| Саўда | 30,7 % |
| Санаат | 15,8 % |
| Қурылыс | 12,5 % |
| Аўыл, тоғай ҳәм балықшылық хожалығы | 15,8 % |
| Жасаў ҳәм аўқатланыў бойынша хизметлер | 7,0 % |
| Тасыў ҳәм сақлаў | 4,8 % |
| Мәлимлеме ҳәм байланыс | 1,8 % |

- Экономикалық хызмет түрлери бойынша ең көп киши кәрхана ҳәм микрофирмалар саўда тараўында (барлық дизимге алынғанлардың 30,7 %), аўыл, тоғай ҳәм балықшылық хожалығы (15,8 %), санаат (15,8 %), қурылыс (12,5 %), жасаў ҳәм аўқатланыў бойынша хызметлер (7,0 %), тасыў ҳәм сақлаў (4,8 %) ҳәмде мәлимлеме ҳәм байланыста (1,8 %) дизимнен өткерилген.

**2020 жылдың январь-декабрь айларында жаңа шөлкемлестирилген киши кәрхана ҳәм микрофирмалардың экономикалық хызмет түрлери бойынша үлеси**
*(дийқан ҳәм фермер хожалықларсыз, жәмине салыстырғанда % есабында)*




**Қарақалпақстан Республикасында ҳәрекет етип турған киши исбилерменлик субъектлериниң саны**
***(ҳәр 1 000 адамға, бирликте)*** *2021 жыл 1 январь жағдайына*



**Қала ҳәм районларда ҳәрекеттеги киши исбилерменлик субъектлериниң саны** *(ҳәр 1 000 адамға, бирликте)*
*2021 жыл 1 январь жағдайына*




2021-жылдың 1 январь-жағдайына киши исбилерменлик субектлериниң саны ҳәр 1000 адамға қала ҳәм районлар бойынша ең көп көрсеткиш Нөкис районында 24,4 бирлик, Қанлыкөл районында 18,7 бирлик, Бозатаў районында 18,4 бирлик, Мойнақ районында 18,3 бирлик, Қараөзек районында 18,2 бирлик, Нөкис қаласында 16,6 бирлик, Тўрткўл районында 16,1 бирлик, Тахтакөпир районында 15,0 бирлик, Шоманай районында 14,3 бирлик, Елликқала районында 12,7 бирлик, Беруний ҳәм Кегейли районында 12,0 бирликти қураған болса.
Тақыятас районында бул көрсеткиш ең пәс болып 8,9 бирликке туўра келди.

**2020 жылдың январь-декабрь айларында қала ҳәм районлар бойынша киши исбилерменликте санаат өнимлерин ислеп шығарыў көлеми**

Қала ҳәм районлар бойынша ең көбирек санаат өнимлери ислеп шығарыў көлеми Нөкис қаласы (799,9 млрд. сум), Елликқала (328,5 млрд. сум), Беруний (300,0 млрд. сум), Төрткүл (295,3 млрд. сум), Тақыятас (225,1 млрд. сум), Әмиўдәрья (204,3 млрд. сум) үлесине туўра келеди. Қанлыкөл (48,3 млрд. сум), ҳәм Бозатаў районларында (21,0 млрд. сум) санаат өнимлерин ислеп шығарыў көлеми пәс болып қалмақта.




**2020 жылдың январь-декабрь айларында қала ҳәм районлар бойынша киши исбилерменликте усақлап сатыў товар айланысы көлеми ҳәм өсим пәтлери**



Киши исбилерменлик (бизнес) субъектлери тәрепинен усақлап сатыў товар айланысы көлеминде Нөкис қаласы (1634,4 млрд. сум), Хожели (654,9 млрд. сум) ҳәм Төрткүл (576,2 млрд. сум) районлары алдыңғы қатарларда келмекте.

**2020 жылдың январь-декабрь айларында қала ҳәм районлар бойынша киши исбилерменликте хизмет көрсетиў көлеми ҳәм өсим пәтлери**




2020 жылдың январь-декабрь айларында Республика жалпы аймақлық өними көлеминде киши исбилерменлик (бизнес) субъектлериниң үлеси 56,2 % ти курап, 2019 жылдың усы дәўирине (54,7 %) салыстырғанда 1,5 процент пунктке өсти.

Санаат ислеп шығарыў тараўының ең жоқары үлеси Шоманай, (жәми ислеп шығарыў көлемине салыстырғанда үлеси 100,0 %), Елликқала (99,8 %), Мойнақ (99,2 %) ҳәм Беруний (83,2 %) районларына туўры келеди, ең төмен үлеси болса Нөкис қаласы (10,2 %) на туўры келеди.

Хызметлер тараўында аймақлар бойынша жәми хызмет көрсетиў көлеминде киши исбилерменликтиң жоқары үлеслери Тахтакөпир (жәми хызметлер көлемине салыстырғанда үлеси 82,9 %), Қараөзек (80,6 %) Кегейли (77,1 %), Шоманай (75,5 %), Қанлыкөл (74,7 %) ҳәм Әмиўдәрья (74,1 %) районларына туўры келди.

**2020 жылдың IV шерек ушын экономикалық жағдайды баҳалаў,**
*% есабында*




Мәмлекетлик статистика жумысларын ислеп шығарыў дәстүрине тийкарланып 2020 жыл IV шерек жуўмақларына көре экономикалық хызмет түрлери бойынша жаңадан шөлкемлестирилген микрофирма ҳәм киши кәрханаларда таңлаў жолы менен үйрениўлер өткерилди.

Үйрениў мағлыўматлар анализи, респондентлердиң 32,3 % экономикалық жағдайды қолай, 35,5 % қанаатландырарлы ҳәм 32,3 % қанаатландырарсыз деп гузетилди.

**Экономикалық жағдайды өзгерислердиң жақын уш айда бахаланыўы**




Анализ нәтийжелеринен келип шығып, жаңадан шөлкемлестирилген киши кәрхана ҳәм микрофирмаларға бизнес орталығын жақсылаў ушын көрилип атырған ис-илажлар нәтийжесинде респондентлер жақын келешекте улыўма экономикалық жағдайдың жақсыланыўы жақсы баҳаланғанлығына жуўмақ етиў мүмкин.